**Гульчеты–ДзадзатыРиммæ**

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

Сертификат: 1A5C2FDFCFEC5CE9608A55CFCF80694F
Владелец: Табуева Лариса Васильевна
Действителен: с 19.08.2024 до 12.11.2025

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ ПРОГРАММÆ РÆВДАУÆНДÆТТÆН

***(3−7-АЗДЗЫДТÆН)***

*(иронæвзагйæмадæлонкæмæну,*
*уыцы3−7-аздзыдсывæллæттæн)*

**Дзæуджыхъæу,2015**

Программæ цæттæгонд æрцыдис Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты, ЮНЕСКО-йы кафедрæйы «Цæгат-Ирыстон-Аланийы националон ахуырадон концепцийы проекты фæлгæты.

**Гульчеты-Дзадзаты Р.М.** Ирон æвзаджы программæ рæвдауæндæттæн (ирон йæ мадæлон æвзаг кæмæн у, уыцы сывæллæттæн). Дзæуджыхъæу, ЦИППИ, 2015, – 50 с.

*Программæйы бындуры æвæрд æрцыдысты раззагдæр методикæйы дидактикон принциптæ. Уыдон феххуыс уыдзысты хъомылгæнджытæн сывæллæттæн сæ мадæлон æвзаг бацамонын æмæ бауарзын кæнынмæ.*

ЦИППИ, 2015
Гульчеты-ДзадзатыР.М.

## Æмбарынгæнæнфыстæг

Ацы программæ арæзт æрцыдис ЦИППИ-йы ЮНЕСКО-йы кафедрæйы «Федералон паддзахадон ахуырадон стандарт» æмæ «Ирон националон ахуырадон концепцийы» бындурон принциптæм гæсгæ, ирон æвзаг йæ мадæлон кæмæн у, уыцы сабитæн.

Программæйы бындуры æвæрд æрцыдисты рæвдауæндæтты сывæллæтты хъомылады, ахуырады æмæ райрæзынады иумæйаг ахуырады фарстатæ,уыдонæнгом баст сты поликультурон ахуырады полилингва-лон моделимæ (ПАПМ). Æххуыс сты сывæллонæн йæхи æппæт дунейы гражданинил банымайынæн.

ПрограммæйыиугондæрцыдисЦæгатИрыс-тон-Аланийы поликультурон ахуырадон æхсæнады фæлтæрддзинад.

ПАПМ иннæтæй хицæн кæны уымæй, æмæ æнцой кæныполилингвалонæмæполикультурондзинадыл,зонгæ кæнысабитысæрайгуырæнИрыстон,Уæрæсеæмææппæт дунеимæ (хуымæтæг хуызы). Æххуыс кæны алы нациты сфæлдыстад æмæ æгъдæуттимæ зонгæ кæнынмæ.

Модель æххуыс у сабитæн сæ граждайнаг хиæм-барындзинадæмæУæрæсемæхиахастдзинадныффи-дар кæнынмæ, уымæн æмæ хынцы хи цæрæнбынаты хицæндзинæдтæ,уыдонынамындцæуынцногахадгæтех-нологитыл æнцойгæнгæйæ.

Программæ арæзт у уымæ, цæмæй ирон æвзаг хъахъхъæд цæуа. Уый тыххæй та йæ ахуыр кæнын райда-йын хъæуы рæвдауæндæтты.

Цæмæй сывæллæттæ сæ мадæлон æвзаг бауарзой, уый тыххæй сæ хъæуы разæнгард кæнын.

Ахуырсæкæнынсæмадæлонæвзагылсæхъуыдытæ аив æмæ раст дзурыныл; цы зонындзинæдтæ сæм ис, уы-донсынноджыфæарфдæркæнын;Уæрæсейыæмææндæр

адæмты культурæимæ сæ зонгæ кæнын сæхи мадæлон æвзаджы фæрцы.

Программæйы домæнтæм гæсгæ цы методикон æрмæг арæзт цæуы, уым æрмæг лæвæрд уыдзæн дидактикон хъæзтыты хуызы.

Программæарæзту3–7-аздзыд сывæллæттæн.

Программæйыбæрæггондæрцыдистыйæнысантæ æмæ йæ хæстæ; йæ структурæ.

Бæрæггонд æрцыдисты алы къорды дæр цы темæтæ æргомгонд æрцæудзысты, уыдон.

Программæйы æвдыст цæуы ахуырты мидис рæвдауæндоны æппæт къордтæн дæр:

1. Кæстæркъорд(3-4азы)
2. Астæуккагкъорд(4-5азы)
3. Хистæркъорд(5-6азы)
4. Скъоламæцæттæгæнæнкъорд(6-7азы)

Программæ арæзт у ахæм хæйттæй:

1. Мыронкультурæ.
2. Дзырдуатонкуыст.
3. Ныхасыграмматиконарæзт.
4. Ныхасырæзтыл куыст.
5. Баст ныхас.

Лæвæрд методикон æрмæджы националон æмæ регионалон компонент рæвдауæндæтты ахуырадон тыгъдады ахсы сывæллоны ахуыры æмæ райрæзынады æххæст бæрнон бынат.

Рæвдауæндæтты иумæйаг ахуырадон тыгъдад саразыны тыххæй арæзт æрцыд иумæйаг перспективон-тематикон пълан. Тематикон иудзинад бæрæг дары ахуырты æппæт хуызты дæр æмæ æндæр режимон процессты дæр. Æппæтахуыртыорганизационформæдæрудæлкъордон–сывæллоны сæрибар архайды бындурыл арæзт.

Сабиты ахуыр кæныны сæйраг метод у дидактикон хъазт.

Алы темæйыл дæр куыст райдайы, къуырийы райдиан арæзт чи цæуы, уыцы алфамбылай дунеимæ зонгæ кæнынил ахуыртæй. Уыйфæстæ, иннæ ахуырадон æмæ хъомыладон куысты хуызты фæлгæты, арфдæр æмæ уæрæхдæргонд цæуынц темæмæ хауæг æмбарынæдтæ.

Дзырдуатон сконд хъæздыг кæнынил кусгæйæ, хыгъдцæуысывæллæттыкар.Алытемæйæдæрсынамынд цæуы бæлвырд дзырдтæ. Уыйфæстæ уæлдæр къордмæ бахизгæйæ, уыцы темæйæ дзырдты нымæц фæфылдæр вæййы.

Амынд цæуы бирæнысаниуæгджын дзырдты алы нысаниуæгтæ, уыдон дæр лæвæрд цæуынц æнцондæрæй зындæрмæ, хуымæтæгæй вазыгджынмæ хизыны принципмæ гæсгæ.

Сеппæт къордты дæр сывæллæтты кармæ гæсгæ куыст цæуы ирон æвзаджы мыртæ раст дзурынил *(хъ, пъ, тъ, чъ, къ, чъ, дз, дж, ы,æ).*

Хъусдардцæуыныхасыграмматиконарæзтмæ.

Хуымæтæгхуызыамындцæуы,нæныхасцыхæйттыл дих кæны, уыдоныл (номдар, мивдисæг, миногон), сæ фæрстытыл,сææууæлтыл;дзырдтыбастдзинæдтылхъуыдыйады мидæг;бæттæгтæй раст пайда кæнынил; цыбыр хъуыдыйæдтæ аразынил.

Ныхасы рæзтыл кусгæйæ сывæллæтты ахуыр кæнын фæрстытæн дзуæппытæ дæттын; сюжетон нывтæм гæсгæ аразын цыбыр радзырдтæ; бæлвырд темæмæ гæсгæ сæрмагонд ныхас саразын.

Сывæллæтты базонгæ кæнын Хетæгкаты Къостайы Чеджемты Георы, Дауырæйы, Цæрукъаты Алыксандры, Уырымты Петяйы æмдзæвгæтимæ æмæ радзырдтимæ.

Ахуыр кæнын лæмбынæг хъусын æмæ хи ныхæстæй дзурын аргъæуттæ, радзырдтæ.

Программæйыалыкъордæндæрхицæнæй лæвæрд цæуынц перспективон-тематикон пълантæ æмæ диагностикæ.

Иумæйагдидактиконпринциптæ:

1. Полилингвалон – ирон æмæ уырыссаг æвзаджы хæрзхъæд ахуырдзинад; мадæлон æвзаг хорз базонын, хъуыды йыл кæнын; хъуыдытæ уырыссаг æвзагыл дзурынмæ арæхсын.

2. Поликультурон –мадæлон æвзаджы фæрцы базонгæ уæвын æппæтуæрæсейаг æмæ æппæтдунеон хæзнатимæ – хи чысыл Райгуырæн бæстæ базоныны фæстæрахизынУæрæсейы,стæйтаæппæтзæххыкъорийы тыххæй зонинагтæм.

### Иронæвзагахуыркæныныпрограммæйыхæстæ æмæ нысантæ рæвдауæндоны

Ирон æвзаг ахуыр кæныны хæс у хъомылгæнинæгты сæ хъуыдытæ раст дзурыныл сахуыр кæнын. Зонындзинæдтæ сын лæвæрд цæуынц хъазты хуызы.

Программæйы мидис арæзт у ахæм хæйттæй.

– сабиты зонгæ кæнын нæ царды алы къабæзтимæ хуымæтæг хуызы;

– сывæллæттыархайдыхуызтææмæфæрæзтæ(хъазт, ныхасы рæзт);

– хидарыны æгъдæуттæ алы уавæрты;

– сабитысахуыркæнынхъуыдыкæнынæмæхъусын;

– сабитæн алыхуызон æрмæджы фæрцы уарзын кæнынсæрайгуырæнбæстæ,сæкультурæ,сæадæмы æгъдæуттæ;

– сывæллæттæн раттын хуымæтæг грамматикон зонинæгтæ.

## Иронæвзагахуыркæнынцыл куысты принциптæ

Сывæллæттыиумæйаграæзтылкусынхъæуыбæлвырд принциптæм гæсгæ.

1. Фыццаг принцип. Рæзын кæнын сывæллæтты сфæлдыстадон æмæ логикон хъуыдыкæнынад. Ахуыр сæ кæнын фæзынд æнæхъæнæй бамбарынцыл, уыйфæстæ йæ хицæн хæйттыл дих кæнын æмæ йæ афтæмæй æвзарын.

2. Дыккаг принцип. Рæзын кæнын сывæллæтты коммуникативон арæхстдзинæдтæ. Уый тыххæй ахуырты рæстæг пайда кæнын хъæуы баст ныхасыл сæ цы æрмæгахуыркæна,ахæмæй,хъæзтытæй;æвзæрынкæнын дзургæйæ æвзарын кæй хъæуы, ахæм уавæртæ.

3. Æртыккаг принцип. Ирон æвзаг ахуыргæнгæйæ, сывæллæттæм рæзын кæнын культурологион компетенци, цæмæй сæм сæвзæрын кæна сæрыстырдзинад сæ Райгуырæн бæстæмæ; тырной националон зарджытæ æмæ хъæзтытæ кæнынмæ.

4. Цыппæрæм принцип. Ахуырты системондзинад. Ныхасыхуызтæ(дзурын,хъусын)хъуамæуойæнгомбаст.

## Программæйы структурæ

Рæвдауæндоны алы къордæн дæр ис йæхи бæлвырд хæстæ æмæ нысантæ.

Программæарæзтуахæм**хæстæ**æххæст кæнынмæ:

1. Баст ныхас.
2. Дзурын.
3. Мыртимæзонгæкæнын.
4. Дзырдуатхъæздыгкæнын.
5. Ныхасраст аразын.

Программæйы хæстæ æххæстгонд цæуынц ирон æвзаджы ахуырты рæстæг. Зонындзинæдтæ фидаргонд цæуынц алы уавæрты: дзургæйæ, хъазгæйæ.

Программæйы мидис

I. Кæстæр къорды сывæллæттæ афæдзы дæргъы базонгæ уыдзысты ахæм темæтимæ:

1. Бинонтæ:нана, баба,мад, фыд.

2. Афæдзыафонтимæ:фæззæг,зымæг,уалдзæг,сæрд. Базонынц халсарты, дыргъты нæмттæ, цавæр бæлæстыл зайынц, уый.

Сабитæ зонгæ кæнынц афæдзы алы афон дæр иннæмæй цы миниуджытæй хицæн кæны, уыдонимæ.

3. Цæрæгойты цардыуаг æмæ миниуджытæ. Сырдтæ æмæ хæдзарон фосы нæмттæ. Чи сæ цавæр мыртæ уадзы, уыдон.

4. Мæргътæ. Сæ нæмттæ. Тæхгæ æмæ хæдзарон мæргъты миниуджытæ, сæ хицæндзинæдтæ.

5. Адæймаджыбуарыхæйттæ.

6. Хъазæнтæ.

7. Нæ цæрæнбынат.

8. НогАзыбæрæгбон.

9. Хæринæгтæ.

10. Дарæс.

11. Мадæлты бон.

12. Дæснымйæдтæ.

13. Транспорт.

Ацы темæтимæ зонгæ кæнгæйæ, сывæллæтты ахуыр кæнын дзырдтæ кæрæдзиуыл бæттыныл. Хуымæтæг хуызысынбацамонынномдартæмивдисджытимæбæттыныл, номивджытæй раст пайда кæнын.

Сюжетон нывмæ гæсгæ ахуыр кæнын фæрстытæн дзуæппытæ дæттыныл.

Базонгæкæнынхайыгтæ**о**æмæ**нæ**-имæ.

Кусын сабиты ныхас рæзын кæныныл. Ахуыр сæ кæнынфæрстытæнæххæстдзуæппытæдæттыныл;цы-

быр æмдзæвгæтæ хъомылгæнæгимæ дзурыныл; архайын, цæмæй цыбыр аргъауы мидис хи ныхæстæй дзурой.

Программæ у дæнцæгон. Рæвдауæндæтты хъомылгæнджытæн дзы сæ бон пайда кæнын у сæхи хъуыдытæ æмæ уавæртæм гæсгæ.

Бахæссæнæмис ивддзинæдтæ.

Бацархайын,цæмæйахуырадонпроцессырастарæзт ма фехæла.

Кæстæркъордысабитæафæдзыкæронмæхъуамæзо-ной:

– сæ алыварс цы предметтæ æмбæлы, уыдоны нæмттæ, кæрæдзийæ сæ хицæн кæнын: къудзи – бæласæй, тæхæг мæргъты – хæдзарон мæргътæй;
– æрдзы фæзындтæ æмæ сæ миниуджытæ (сæрды тæвд у, зымæджы – уазал);
– сæхъазæнтынæмттæ;
– хъомылгæнæджы фæндонмæ гæсгæ хъæугæ предметтæ агурын;
– хъазæнтысæхуызмæгæсгæиртасын;
– нывыцыуынынц,уыдонранымайын;
– саламдæттын,хæрзбон зæгъын;
– хъомылгæнæджыфæрстытææмбарынæмæсын дзуæппытæ дæттын;
– номивджытæ**æз**,**ды**,**уый**-йæныхасыпайдакæнын.

## Перспективон-тематиконпъланкæстæркъордæн

| Мæй | Темæ | Мыронкультурæ | Дзырдуатонкуыст | Ныхасыграмматикон арæзт | Ныхасырæзтылкуыст. Бастныхас |
|---|---|---|---|---|---|
| **Сентябрь** | Бинонтæ Рæвдауæндон | Мыртæрастдзуры-нылархайын.Сабиты фæлтæрынмыртæ сыгъдæгдзурыныл: дывæргондмыртæраст дзурын:лæ**пп**у,лæ**пп**ын; чы**зг**,ма**д**,фы**д**. | Сабитызонгæкæнын сæбинонтимæ:*нана, баба, мад, фыд. Рæвдауæндон; рæвдауæг,хъомыл-гæнæг.* | Сабитыахуыркæнын номдартæивгъуыд æмæнырыкконафо-ны мивдисджытимæ раст бæттыныл: *Нана лæууы; баба цæуы. Нана лæууыди; баба ацыди. Рæвдауæгуатæфснайы. Рæвдауæгуатбаф-снайдта.* | Сывæллæттыахуыркæнын фæрстытæнæххæстдзуапп дæттын. *Бабацыныссагъта?Бабаныс-сагътабæлас. Нанацыæртыдтабæласæй? Нанабæласæйæртыдта фæткъуытæ.* |
| **Октябрь** | Фæззæг Халсартæ Дыргътæ | Сабиты фæлтæрын хицæндзырдтæраст дзурыныл:**джитъ**ри-ми**тъ**ри; **къ**абуска,фæт**къ**уы. | Зонынхалсарты нæмттæ. Дыргъ-ты нæмттæ. Цавæр бæлæстыл зайынц, кæмзайынцхалсартæ: *фæткъуыбæлас;хуым.* | Сывæллæтты ахуыр кæнынномивджытæ ивгъуыдæмæнырыккон афоны мивдисджытимæ раст бæттыныл. *Нана æмæ баба ныссагътой булкъ. Æзæртыдтонбулкъ. Дыбахордтай фæткъуы.Æзхæрын фæткъуы.* | Сабитыахуыркæнын хъомылгæнæджыфæрстытæн æххæстхъуыдыйæдтæйдзу-аппдæттын.Архайынцыбыр æмдзæвгæхъомылгæнæгимæ дзурыныл.«Рæвдауæндон». *Дæ мад дæ кæдæм æрбахуыдта? Мæ мад мæ æрбахуыдта рæвдауæндонмæ.* |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Ноябрь** | Фæззæг. Нæцæрæнбынат Буарыхæйттæ. *(адæймаджы; цæрæгойы.)* | Сыгъдæгдзурын дзырдтæхъæрæй,сабыр-гай, тагъд.<br>Сыфтæр сыбар-сыбур, тæрхъуссæпп-сæпп, **къ**ах лæууы – лæууы. **Къ**ух къæрцц-**къ**æрцц кæны. | Бафидар кæнын халсартææмæ дыргъ-ты нæмттæ; цавæр хæринæгтæ сæ кæнынц: *(борщ;салат;адджын дон;вареннæ,джем.)*<br>Нæцæрæнбынат:*(хъæу, хæдзар, кæрт, уынг.)*<br>Адæймагæмæцæрæ-гойтыбуарыхæйттæ. | Сывæллæтты сюжетон нывмæгæсгæ ахуыр кæнынфæрстытæн **чи? цы? цы кусы? кæмлæууы?**дзуапп дæттыныл.<br>Æмбарынхъомыл-гæнæджыныхасæмæйæ фæстæ дзурын. | Архайынхъомылгæнæджы фæстæ2–3хъуыдыйады дзурын нывтæм,кæннодпредметтæм кæсгæйæ.<br>*«Мæнæ мæ хæдзар. Мæ хæдзар у рæсугъд. Иснынстыркæрт.Кæрты хъазынцсабитæ»*.<br>Ахуыркæнынцыбыр æмдзæвгæтæ. |
| **Декабрь** | Хъазæнтæ Зымæг | Сабитыфæлтæрынирон æвзаджымыртæраст æмæсыгъдæгдзурыныл: *(хъыст-хъыст;къæс-къæс; цъæх-цъæхид.)* | Сывæллæтты зонгæ кæнын, сæ алфам-былайцы хъазæнтæ ис, уыдонимæ. Зо-нынсынсæнæмттæ.<br>Зонгæкæнын сабиты миногонтимæ:*(урс,уа-зал, хæмпус, фæлмæн.)* | Сывæллæттыфæлтæры нномдартæ иууоннымæцæйбирæонн ымæцмæивыныл: машинæ – машинæ**тæ**; пурти–пурти**тæ**; митыгæлæбу–миты гæлæбу**тæ;** къалиу– къалиу**тæ**;хъазæн– хъазæн**тæ**. | Сывæллæтты ахуыр кæнын хъазæнтæмкæсгæйæфарстытæнд зуапп дæттыныл: *(цы? цы кусы? кæм? кæцæй?) Цы у?* Тæрхъус. *Цы кусы?* Тæрхъусхæрыуырыдзы? *Кæмцæры?* Тæрхъусцæрыхъæды.Кæцæйрац ыд тæрхъус? Тæрхъус ра-цыдхъæдæй.*Кæцæйрайстай хъазæн?* Хъазæн райстон тæрхæгæй. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Январь** | Цæрæгойтæ ЗымæгНогазы бæрæгбон | Сабиты фæлтæрын мыртæраст фæзмыныл:Фæлтæрæн: «Чикуыдзары?». арс – э-э-э, э-э-э. сæгъ–м-э,м-э. хъаз–хъа-хъа | Бафидаркæнын дзыр-дуатыцæрæгойтыæмæ сæ цæрæнбынæтты нæмттæ:*рувас;бирæгъ; арс;тæрхъус;æхсæрæг; лæгæт;хуыкком,мæра.* Зонгæ кæнын миногонтимæ:*ног,цъæх-цъæхид, цыргъ, фæлмæн, судзинау.* | Сывæллæттызонгæ кæнынхайыгтæ**о**æмæ**н æ**-имæ: *Арсфынæйкæны? О.Арсфынæйкæны. Рувасдæрфынæйкæны?Н æ.Рувасфынæйнæ кæны.* | Сывæллæтты ахуыр кæнын хъомылгæнæджыфæстæ æхххæст хъуыдыйæдтæй дзу-рын,нывтææмæпредметтæм кæсгæйæ.Ахуыркæнын хъомылгæнæгимæцыбыр æмдзæвгæтæ:«Æхсæрæг»,«Зазб æлас».æ.а.д. |
| **Февраль** | Мигæнæнтæ æмæ хæринаг Дарæс,мебель | Сабиты фæлтæрын кæнынмыртæсыгъдæг æмæ раст дзурыныл. Архайындзырдтæ хъæрæй,сабыргайæмæ дæргъвæтиндзурыныл: *къ-къаабаа; ззаз; ззымæг;уаззал. скъ**аа**пп; къæдз**ии**л.* | Сабитызонгæкæнын мигæнæнты нæмттимæ; иронхæринæгтимæ. Бафидаркæнын дарæсы нæмттæ æмæ сæ хæйттæ. Зонынмебелынæмттæ: *(стъол;фынг;бан-дон; сынтæг; диван; къæлæтбандон.)* | Сывæллæттыдарддæ рзонгæкæнын номивджытимæ.*(æз, ды, мах, сымах).* **Мах**бахордтамдзыкка. **Æз**райстонцайдан. **Сымахæн**радтойад-джындон. Дарддæрахуыркæнын хъуыдыйæдтæаразы-ныл. *«Нанатебæйысфыхта дзул».* | Архайынхъомылгæнæджы фæстæцыбырaргъауымидис радзурын. Ахуыркæнынцыбыр æмдзæвгæйыныхæстæхъомылг æнæгимæ.3-4хъуыдыйадæй радзурынзонгæпредметты тыххæй. *Цыу?Цæйасу?Кæйхъæуы? Цавæрхæйттæйарæзт у?* |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Март** | Мадæлты бон Професси Транспорт | Иронæвзаджымыртæ растдзурынфæлварын фæлтæрæн«Æвзаг»-æй пайдакæнгæйæ.«Къаппа-къуппа».Мыртæраст дзурын:**къ**æбыла. | Зонгæкæнын сабиты номдартææмæ миногонтимæ:цъæххос; сырхдзуар; судзин, дохтыр,тæвдбарæн. Лæвар,мадыбæрæгбон; фæлмæнтæдзураг; уарзæгой.Цалх,руль–аразæн,кæбинæ, шофыр, гуыффæ. | Зонгæкæнынсаби-тыныркконæмæ ивгъуыдафоны мивдисджытимæ: «Мæдинæкæуы. Мæдинæкуыдта. Дохтыртæвдбары. Дохтырсбарста тæвд.Машинæ тулыфæндагыл. Машинæтылди фæндагыл». | Сывæллæтты ахуыр кæнын сюжетоннывмæкæсгæйæ цыбырæй2–3хъуыдыйадæй радзурыннывысюжет. Сæалфамбылайцыар-хайдцæуы,уыдоны тыххæйхъомылгæнæджы фарстытæм гæсгæ радзу-рын. Ахуыркæнынцыбыр æмдзæвгæтæ. |
| **Апрель** | Уалдзæг | Сывæллæтты дарддæр фæлтæрын мыртæрастфæзмыныл. Сауцъиу–цъиу-цъиу. къогъо – ззз. хæдтæхæг–гуыв-гуыв. | Бахæссынсывæллæтты дзырдуатмæдзырдтæ: уалдзæг; къуыбар; кæрдæг,дидинæг, дидинсыф, зæнг. Сауцъиу; зæрватыкк; бæлон,сырддонцъиу. | Сывæллæтты дарддæр зонгæкæнын номивджытææмæ мивдисджыты бастдзинадимæ. Æзæртыдтон дидинæг.Радтон дидинæгдæуæн. Дыдидинæгæн ратыдтаййæ дидинсыфтæ.Æз фæтæргайдæн. | Ахуыркæнынсабиты нывтæ,кæннодпредметтæм кæсгæйæ2–3хъуыдый-адыхъомылгæнæджы фæстæдзурыныл.Цыбыр æмдзæвгæтæ ахуыр кæнын хъомылгæнæгимæ. Æмдзæвгæ«Уалдзæг».Чед-жемтыГеор |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Май** | Сæрд | Сывæллæтты фæлтæрын кæнынмырхъраст дзурыныл. | Сырхдидинæг,стыр дидинæг,бирæсыфтæ Дарддæрсабитызонгæ кæнын, сæ алфамбылай цызайæгойтæис, уыдонимæ. Сæрды кæртыцыхъазæнтимæ фæхъазæм,уыдонæн дæрзонынсæнæмттæ. | Сабитыаху-ыркæнын хъуыдыйæдтæ растаразын, хъомылгæнæджы фарстытæм лæмбынæг хъусгæйæ. Цавæрбону? Хъармбон,хур бон. Цы кусы лæппу кæрты?Лæппухъа-зымашинæйæ. Цыкусычызг? Чызггæппытæ кæны. | Сабиты ахуыр кæнын хъомылгæнæджы фæстæ æмдзæвгæйы ныхæстæ дзу-рынæмæархайдæйравди-сын. «Пурти».УырымтыПетя |

II. Астæуккаг къорды сывæллæттæ афæдзы дæргъы базонгæ уыдзысты ахæм темæтимæ:

1. Рæвдауæндон:хъомылгæнæг,рæвдауæг,хæринаг-гæнæг.

2. Бинонтæ: мады æфсымæр, фыды æфсымæр, мады хо, мады æфсымæр, хæстæджытæ.

3. Афæдзыафонтæ:фæззæг,зымæг,уалдзæг,сæрд.

4. Цæрæгойтыцæрæнбынæттæ.

5. Зазбæлас. НогАзы бæрæгбон.

6. Æфсадæмææфсæддонтæ.

7. Кусæнгæрзтæ.

8. Хæдзарыхъæдындзаумæттæ.

9. Транспорт.

Ацы темæтимæ зонгæ кæнгæйæ кусын сывæллæтты дзырдуат хъæздыг кæнынил. Амонын сын ног дзырдтæ; фæлхат кæнын, раздæр цы дзырдтæ ахуыр кодтой, уыдон.

Сывæллæтты ахуыр кæнын номдар мивдисæгимæ æмæ номдар миногонимæ раст бæттынил; иууон нымæцы номдарæй бирæон нымæцы номдар аразын; пайда кæнын бæттæгтæ: **«æмæ»**, **«уымæн æмæ»**-йæ; хауæнтæм гæсгæ хъуыдыйады дзырдты кæрæттæ раст дзурын.

Кусынсывæллæттыныхасрæзынкæнынил.

Сюжетон нывтæ æмæ хъомылгæнæджы пъланмæ гæсгæ аразын цыбыр радзырдтæ; æрдзы тыххæй ранытхæстæ; бæлвырд темæмæ гæсгæ сюжетон нывтæй цалдæр хъуыдыйады саразын; æххæст хъуыдыйæдтæй пайда кæнын; хъазæнтæй пайда кæнгæйæ цыбыр радзырдаразын;аргъауымидисхиныхæстæйдзурын;æрдзы фæзындты миниуджытæ иртасын.

*Сабитæафæдзыкæронмæхъуамæ зоной:*

1. Æппæтмыртæдæррастæмæсыгъдæгдзурын;ир-тасын дзырды райдиан мыр.

2. Ныхасы мидæг пайда кæнын, дæсныйад цы номдартæ æвдисынц, уыдонæй *(æрмæстдæр сæ цы номдартимæ базонгæ кодтой, уыдонæй пайдагæнгæйæ)*; предметты æууæлтæ æмæ архайд æвдисæг дзырдтæй; антонимтæй.

3. Пайда кæнын, иумæйаг нысан цы дзырдтæ æвдисынц,уыдонæй:халсартæ,дыргътæ;хæдзарыхъæдын дзаума, дарæс; хæринаг *(сæ хуыз, сæ ад, сæ ас).*

4. Дзырдтæхауæнтææмæнымæцмæгæсгæрастдзу-рын;хъуыдыйæдтæаразгæйæпайдакæныналыхуызонны-хасы хæйттæй.

5. Цыбыр радзырдтæ аразын хъомылгæнæджы лæвæрд схемæмæ гæсгæ; сюжетон нывмæ гæсгæ, хъазæн æмæ æндæр предметтæм гæсгæ. Аразын вазыгджын хъуыдыйæдтæ бæттæгтимæ.

6. Хъомылгæнæджы фæрстытæн дзуапп дæттын тексты мидисмæ гæсгæ. Кæсын цыбыр æмдзæвгætæ, нымайæнтæ, аргъæуттæ.

## Перспективо-тематиконпъланастæуккагкъордæн

| Мæй | Темæ | Мыронкультурæ | Дзырдуатонкуыст | Ныхасыграмма-тикон арæзт | Бастныхас(ныхасы рæзтыл куыст) |
|---|---|---|---|---|---|
| Сентябрь | Рæвдауæн-дон<br><br>Бинонтæ | Сыгъдæгдзуринаг: мыр [хъ] раст дзур. Фæлтæрæн: «Хъæдыцæры тæрхъустæ!» | Хъомылгæнæг, рæвдауæг, хæринаггæнæг. Мадыхо;фыдыхо; фыды æфсымæр; хæстæджытæ | Номдар+мивдисæг; номдар æмæ миногоны раст бæттынад хауæнтæмгæсгæ | Сюжетон нывтæ æмæ хъомылгæнæджы пъланмæгæсгæаразын цыбыр радзырдтæ 3–4 хъуыдыйадæй. |
| Октябрь | Фæззæг. Халсартæ. Дыргътæ Х. Къоста. «Фыдуаг». | Фæлтæрæн «Джитъри-митъ-ри»мырон куыст кæнынæн. «Чи куыдзары?».[цъ] [хъ]. | Хъарм–уазал, хърихъупп;халсар; кæрдо,алтъами, фæткъуы, бæлас… кæрдзын.цъиусур. цæргæс. | Иууонныммæцы номдарæй бирæонныммæцы номдартæаразын; номдарæмæми-ногонрастбæттын хауæнтææмæ нымæцтæм гæсгæ. | Æрдзыфæзындты тыххæйсæрмагонд ныхассаразын Хъомылгæнæджы фарстытæм лæмбынæг хъусын.Пайдакæнын сюжетоннывтæй темæмæ хæстæг. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Ноябрь** | Нæ цæрæнбынат. Цæрæгойты цæрæнбынæт-тæ.<br><br>Адæймаджы буары хæйттæ хъазæнтæ | Фæлтæрæн «Æвзаг». «Тæрхъус».Мыртæ сыгъдæгдзур.Хъус дарын мыр [къ]-йы раст дзурынадмæ. «Къухтæ–къæхтæ». «Дон, дон, дон». | Бæрзонд–ныллæг, хъæу–горæт,уынг, уæрæх, фæтæн. Сыгъдæг, чъизи, æхсад.Мæра,ахстон, лæгæт, хуыкком. | Номдар æмæ миногонтæ раст бæттынысл архай-ын,хъуыдыйæдтæ аразгæйæ. Буары хæйттæ иууонæмæбирæон нымæцы,кæронтæ -йæпайдакæнраст. | Чеджемты Геор æмдзæвгæ«Нæгорæт». Нывмæ гæсгæ рад-зырд, саразын, æххæст хъуыдыйæдтæй пайда кæнын.Æмдзæвгæ«Иу – мæ сæр»… |
| **Декабрь** | Хъазæнтæ ЗымæгЗаз бæлас | Мыртæсыгъдæг дзурынæн фæлтæрæнтæ «Æвзаг»-мыр [хъ] [тъ] [къ]. [тъ;къ;гъ]–мыртæ сыгъдæг æмæраст дзур;тагъд дзуринæгтæйпайда кæнынацымыртыл кусгæйæ. | Фарст«кæм?»-æн раст дзуаппдæттын:кæм лæууы хъазæн тæрхъус? *Зæгъæм:* тæрхæг**ыл**, пъол**ыл**, стъол**ы**, б**ы**н рудзынг**ыл**; уазал, хъарм, æртæкъуымон, армытъæпæн; Арс, тæрхъус, хуыггомлæгæт. | Иууон нымæцы номдарæй бирæон нымæцыномдартæ аразын. Номдар æмæ миногонхауæнтæм гæсгæрастбæттын. Пайда кæнын бæттæгтæ: «æмæ», «уымæнæмæ»-йæ. | Дауырæ.Æмдзæвгæ «Цъындатæ».Хъазты рæстæг хъус дарын, цæмæй сабитæ дзу-рой æххæстæй сæ хъуыдытæ, Хъазт «Цалгæйттæ», «Къæйттæ», Æмдзæвгæ: «Тæрхъус». «МитынДада» «Заз бæлас» Аргъау: «Тæрхъусæмæрувас». |

| | Темæ | Мырон културæ | Дзырдуатон куыст | Ныхасыграм-матиконарæзт | Бастныхас(ныхасы рæзтыл куыст) |
|---|---|---|---|---|---|
| **Январь** | Зымæг.<br>Цæрæгойтæ.<br>Заз бæлас.<br>Ног азы бæрæгбон. | [къ] [тъ]<br>Фæлтæрæн.<br>«Æвзаг».<br>«Тæрхъустæ». | Къудзи,сырд,<br>æхсæрæг,<br>лæгæт,дзæкъул,<br>æрттивæгтæ,<br>заз, урсбоцъо<br>Дада, бæмбæг. | Иууон нымæцыном-дар; бирæон нымæцы номдартæ.<br>Хауæнтæм гæсгæ ныхасы кæронраст дзурын.<br>Н. – чи? Чызг.<br>Г.–кæуыл?<br>Чызгыл цæуы 5 азы. | Æмдзæвгæ «Æхсæрæг».<br>Хъазæнтæм гæсгæ радзурынрадзырд.<br>Æнгуылдзтæй хъазт.<br>«Миты гæлæбу».<br>«Митындада». |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Февраль** | Халсартæ, дыргъта Æфсад æмæ æфсæддонтæ мигæнæнтæ. Кусæнгæрзтæ. | [къ][хъ][гъ] Сыгъдæг-дзуринаг «Райсомæй». | Къабуска, уы-рыдзы, булкъ, хъæдындз, халсар,дыргъ. Æфсад, æфсæддон, тебæ, тæбæгъ, уидыг. | Номдарты кæрæттæ хауæнтæм гæсгæраст ивын. Фæткъуызайы бæласыл; хъæдындзта–хуымы. | Аргъауы мидис хиныхæстæйдзуры-ныл ахуыр кæнын хъомылгæнæджы фарстатæм гæсгæ. «Булкъ». «Цæхæрадоны лæг». |
| **Март** | Мадæлты бæрæгбон. Дарæс. Хæринаг. Мебель | [тъ] [хъ] [къ]-мыртæ сыгъдæг дзур-г. «Райсомæй». Тагъддзу-ринаг: «Тæрхъус». | Фæлмæнзæрдæ, уарзæгой, рæсугъд, хъазæг, хъарм,тæнæг, æвцæггот, дзыпп,къа-ба, скъапп, фынг,тæбæгъ, цайцымæн. | Иууон нымæцы номдартæй аразæм бирæон нымæцы номдартæ. | Архайынцы-быр æмдзæвгæйы рæнхъыты интонацийæсбæрæг кæнынмебельæмæ мигæнæнты нæмттæ. Æмдзæвгæ «Æфсин». ЦарукъатыА. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Апрель-Май** | Транспорт.<br>Уалдзæг. | хъ] [къ]<br>Тагъддзуринаг:<br>«Тæрхъустæ».<br>Фæлтæрæн:<br>«Æвзаг».<br>Хъазт «Дидинæг»<br>мыртæ раст æмæ<br>сыгъдæгдзурынæн. | Номдар æмæ<br>мивдисæграст<br>бæттыныл<br>архайын,<br>радзырдтæ<br>аразгæйæ.Иу-<br>уон нымæцы<br>номдарæй<br>бирæон<br>нымæц ара-<br>зын. тæ<br>Мит тайы.<br>Цъиутæ<br>æртахтысты.<br>Машинæ –<br>машинæтæ. | Номдар æмæ<br>мивдисæграст<br>бæттыныл<br>архайын,<br>радзырдтæ<br>аразгæйæ.Иу-<br>уон нымæцы<br>номдарæй<br>бирæон<br>нымæц ара-<br>зын.тæ<br>Мит тайы.<br>Цъиутæ<br>æртахтысты.<br>Машинæ –<br>ма**ши**нæ**т**æ. | Хъомылгæнæджы<br>фарстатæм<br>хъусгæйæ аразын<br>3–4 хъуыдыйады,<br>нывмæ кæсгæйæ.<br>Æрдзыфæзындты<br>тыххæйцыбырæй<br>радзурын.<br>(3–4хъуыд.)<br>Æмдзæвгæ:<br>«Уалдзæг»<br>Гæлæбу.Аргъау:<br>Арс æмæ чызг. |

**Диагностиконкартæ**
**(астæуккаг къорд)**

| Мыггаг æмæ сабийæнйæном | Дзырдуатонкуыст | Ныхасыграмматиконарæзтад | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | бинонтæ<br>рæвдауæндон<br>халсартæ<br>дыргътæ<br>хæдзары фос<br>хъæддаг фос<br>нæ цæрæн<br>бынат<br>хъазæнтæ<br>афæдзы<br>афонтæ<br>музей<br>театр<br>дарæс<br>хæдзары<br>транспорт<br>хъæдындзаума | номдар<br>мивдисæг<br>номар+миногон | иууон<br>нымæцы<br>номдарæй<br>аразын<br>бирæуон<br>нымæцы<br>номдар | вазыгджын<br>хъуыдыйад<br>аразы<br>нырыкконæма<br>ивгъуыд<br>афонын<br>мивдисджытæй<br>пайда кæнгæйæ | |
| | Бахъуыдысынкодтасæнæмттæ | Фарстатæ:чи?цыкусы?цæмæн? цы хуыз у? | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |

III. Хистæркарысывæллæттæафæдзыдæргъыбазонгæ уыдзысты ахæм темæтимæ:

1. *Бинонтæ:*урсзачъезæрондлæг,æрыгонлæппу, саби, сывæллон, ацæргæ ус.

2. *Райгуырæн зæхх.* Райгуырæн бæстæ: хъæу, горæт, фыдыуæзæг, Уæрæсе, хæхтæ, фæзтæ.

3. *Зайæгойтæ:*бæлас,къудзи,кæрдæг,æфсиртæ, къох, дидинæг, сыфтæр.

4.*Хидарыныæгъдæуттæфынджыуæлхъусбадгæйæ:* фынг, аходæн, сихор, æхсæвæр, галиу, рахиз, хæрын.

5. *Хойраджыпродукттæ:*дзул,дзидза,æхсыр,ссад, хъайла, кас, цыхт, чъири.

6. *Спорт:*хоккей,футбол,аэробикæ,футболист.

7. *Дæсныйæдтæ:* ахуыргæнæг, инженер, дзабыртæ-хуыйæг, дзулгæнæг, хæринаггæнæг.

8. *Æфсады бæрæгбон:* æфсæддон, æфсæддон цин, хæрзиуæг, орден, хъайтар, офицер, салдат, майдан, цыт-джын бон.

9. *Космос:*тыгъдад,ракетæ,нау,хæдтæхæг,мæй,хур, тæхæг, космонавт.

10. *Лыстæг цæрæгойтæ, сасктæ:* бындз, мыды-бындз, къогъо, дыдын, хæлуарæг, хъæндил.

11. *Театр, кино:* театр, кинотеатр, сцена, зал, экран, спектакль.

Ацы темæтимæ зонгæ кæнгæйæ, сывæллæтты аху-ыр кæнын хъуыдыйады номивджытæй пайда кæнын; хуымæтæг даргъ хъуыдыйæдтæ аразгæйæ, пайда кæнын бæттæг «æмæ»-йæ, пайда кæнын фæлгонцджын дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæй: хурау, хæрзконд, дæ хорзæхæй; хъуыдыйады мидæг дзырдтæ кæрæдзиуыл раст бæттын.

Сывæллæттæнбацамонын,фарстдæтгæйæ,хъæлæсы уаг куыд аивын хъæуы, уый.

Архайын хъуыдыйæдтæ, дзырдбæстытæ хицæн хæйттыл дих кæныныл.

Хуымæтæг хуызы амонын хауæнты фæрстытæ, терминтæ нæ дзургæйæ.

Сывæллæтты ныхасы хъæд рæзын кæныныл кусгæйæ, архайын диалогон ныхасыл фæцахуыр кæ-ныныл: беседæйы архайын, хъомылгæнæджы фæрстытæн раст æххæст дзуæппытæ дæттын; фæрстытæ дæттын.

Баст ныхасыл ахуыр кæнын: хъуыдыйады мидæг дзырдтææвæрынхъæугæнымæцæмæхауæны;ара-зын хъуыдыйæдтæ 3-5 дзырдæй; нывмæ гæсгæ цыбыр хъуыдыйæдтæ аразын.

Кусын ирон æвзаджы мыртæ раст дзурыныл; дзырд-ты нысаниуджытæ раст æмбарыныл.

Базонгæ кæнын сывæллæтты нæ бæстæйы, нæ республикæйы нæмттимæ, сæйраг уынгтимæ; халсартæ æмæ дыргъты нæмттимæ; фæуæрæхдæр сын кæнын сæ зонындзинæдтæ фæлтæхæг æмæ ам баззайгæ мæргъты тыххæй; ахуыр кæнын, предметты æвæрды бынæттæ: *(бын, сæр, фарсмæ, цур, дæле, уæле)* ахуыр кæнын салам дæттыны, бузныг зæгъыны дзырдтимæ.

Хистæр кары къорды сабитæ афæдзы кæронмæ хъуамæ зоной:

– бинонтæ æмæ хæстæджыты нæмттæ;

– Ирыстонæмæйæзынгæдæрбынæттæ;

– афæдзыафонтæ;

– суткæйыхæйттæ;

– хъæлæсонæмææмхъæлæсонмыртæрастдзурын;

– иронæвзагæйтæлмацкæнындзырдтæуырыссаг æвзагмæ;

– хином,мыггаг,фыдыном,мадыном;

– цæрæнбынатыадрис;

– сырдтææмæцæрæгойтынæмттæ;

– предметтæкъордтæкæнынсæасмæ,хуызмæгæсгæ;

– хъомылгæнæджы фæрстытæн дзуæппытæ дæттын;

Ацыæрмæгамонынхъæуыахадгææрмæджыбынду-рыл.

Амонынцыбыррадзырдтæ,æмдзæвгæтæ,аргъæуттæ, загъдаутæдзурын.

## Перспективон-тематиконпъланхистæркарысабитыкъордæн

| **Тематикæ** | **Мыронкуыст** | **Дзырдуатонкуыст** | **Ныхасыграмматикон арæзтад** | **Ныхасырæзтылкуыст (баст ныхас)** |
|---|---|---|---|---|
| Темæ:1–2. Бинонтæ | (ш) (с) (з) (чъ) мырон зылд. Фæлтæрæн:«Чи куыд зары?» | Урсзачъе,æры-гон, зæронд, са-би. | Хъуыдыйады пайда кæнынномивджытæй: æз;ды;сымах; уыдон. | Радзырд«Мæбинон-тæ»; нывимæ куыст, темæимæбастуыци-уыцитæ. |
| Темæ:3–4–5 Цы у нæ бон? Райгуырæн зæхх. Райгуырæн бæстæ. | (с) (ш) (чъ) (къ) (хъ).Сыгъдæг-дзурынæн фæлтæрæнтæ: «Райсомæй»; «Чи куыдзары?» | Æрдхорд, æмгар, горæтгæрон, хъæу, фыдыуæзæг, Уæрæсе, хохы цъупп. Ирыстон. | Фæлгонцджын дзырдтææмæ дзырдбæстытæй пайда кæнын хъуыдыйæдтымидæг (хæрзконддæр,хурау, стъалытау).Бæттæг «æмæ»-имæ аразын хуымæтæгдаргъ хъуыдыйæдтæ. | Текстхиныхæстæй дзурын.Æххæст хъуыдыйæдтæй дзуаппдæттын хъомылгæнæджы фæрстытæн. Базон-базонтæ цæрæгойтыл. Æмдзæвгæ«Нæ горæт».ЦæгæратыГ. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Темæ:<br>6–7–8–9<br>Фæззæг.<br>Сызгъæрин<br>фæззæг–<br>сызгъæрин<br>æфсир.<br>Зайæгойтæ.<br>Æрдзы<br>хъæбысы<br>фембæлдтытæ. | (с)(ц) (цъ) (хъ)<br>(къ) Тагъддзу-<br>ринаг: «Къап-<br>па-къоппа».<br>Джитъри-митъ-<br>ри; (ж) (ш). | Аллон-бил-<br>лон; асгарын;<br>сызгъæрин; ри-<br>хиджын; æфсир;<br>æхсынæн;<br>тæмæнтæ;<br>зонынджын;<br>фæлхæтæн;<br>къох,кæрз;<br>сыфтæрджын<br>къох;хæфс;жи-<br>раф; зылынкъах. | Хъуыдыйады пайда<br>кæнынфæлгонцджын<br>дзырдбæстытæй.<br>Дзырдтæхъуыды-<br>йады грамматикон<br>æгъдаумæгæсгæраст<br>бæттын. Пайда кæнын<br>миногонтæй,бирæон<br>нымæцы номдартæй. | Базон-базонтæ,афæдзы<br>афонтимæ баст.<br>Æмдзæвгæ«Æфсир»,<br>Е. Серов. Радзырд<br>«Фæззæгнæкъæ-<br>сæртæм».<br>Н. Сладков. «Фæззæг<br>æрцæуы». Радзурын<br>радзырдхиныхæстæй.<br>Æмдзæвгæ «Хъæды».<br>КуыдзæгтыВ.,нывтæм<br>гæсгæ радзырдтæ дзу-<br>рын.Радзырд«Тæппуд<br>тæрхъус». Æлдаттаты<br>В. Уыци-уыцитæ<br>цæрæгойтыл. |
